

# Anplwaye Fabrikasyon yo

Bagay ou ka fè andedan ak andeyò travay pou pwoteje tèt ou ak pou pwoteje kòlèg travay ou kont COVID-19

Vèson aksesib: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/guidance-manufacturing-workers-employers.html>




## RETE LAKAY OU si ou malad.

### Sentòm pou ou siveye yo:

- Tous
- Souf kout oswa difikilte pou respire
- Lafyèv
- Frison
- Doulè nan misk
- Malgòj
- Vin pa ka pran gou oswa pran sant

### Evite kontak avèk lòt moun pandan ou malad

- Rete nan yon chanm byen presi lakay ou epi lwen lòt moun otank posib
- Pale avèk yon doktè ak sipèvizè w konsènan lè ou kapab retounen travay



### Rete omwen 6 pye distans (apeprè 2 longè bra yon adilt) ak lòt moun nan travay an nan kominote ou otank posib

- Rete omwen 6 pye distans pandan konvèsasyon, nan vestyè yo, nan koulwa oswa nan koridò yo, ak lè w ap antre oswa kite espas travay ou
- Pa pataje bwason oswa manje avèk kòlèg travay yo
- Zouti yo dwe netwaye ak dezenfekte regilyèman, sitou lè ou chanje pòs travay oswa deplase al nan yon nouvo seri zouti
- Pa fè aranjman yon sèl vwat, si sa posib



### Mete yon pwoteksyon figi an twal sou bouch ak sou nen ou pandan ou nan espas travay la ak an piblik

- Ajiste pwoteksyon ou an yon fason ki sere, men ki byen alèz, sou kote figi ou
- Lè w ap retire pwoteksyon figi ou an, eseye pou pa touche zye, nen, oswa bouch ou, epi apre sa lave men w touswit
- Lave oswa ranplase pwoteksyon figi an aprè ou fin itilize l
- Ranplase pwoteksyon figi an lè li mouye oswa sal
- Kontinye mete ekipman pwoteksyon pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki obligatwa pou djòb nòmal travay ou



[cdc.gov/coronavirus](https://cdc.gov/coronavirus)



### Pa touche zye, nen, oswa bouch ou

- Ak men ki pa lave
- Pandan ou mete gan
- Pandan w ap regle oswa retire pwoteksyon figi oswa linèt sekirite ou yo



**Lave men ou** avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn oswa sèvi avèk yon **dezenfektan pou men abaz alkòl** ki gen omwen 60% alkòl ladan:

- Avan ak aprè peryòd travay oswa poz yo
- Aprè ou fin mouche nen w, touse, oswa etènye
- Apre itilizasyon twalèt
- Anvan ou manje
- Anvan ak aprè preparasyon manje
- Aprè ou fin mete, touche, oswa retire pwoteksyon figi an twal yo.



### Kouvri tous ak etènye ou

- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon klinèks oswa itilize andedan koud bra ou si ou pa gen klinèks
- Jete klinèks ize yo nan fatra
- Touswit [lave men w](#) oswa itilize dezenfektan pou men ki gen ladan omwen 60% alkòl aprè ou fin etènye oswa touse